The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 21 Nokutenda Abheri akapa Mwari chibayiro chiri nani, uye achiri kutaura nazvino kunyange zvake akafa... -- VaHebheru 11:4 2024

Bambera Kune Zvakaoneka Nokunzika

[Tichirangarira hanzvadzi dzedu Lois Stucky naChristine Ludlow vakatisiya makore gumi apfuura, mugore ra2024. Zvakanganidzwa naGodfrey Ndiriwenyu.]

Pave nemakore gumi mushure mokusiiwa hanzvadzi dzedu mbiri munaShe Lois Stucky naChristine Ludlow. Vaviri ava vakashandira Mwari mukuvimbika zvikurusa uye muzvino unyanzvi kusvikira murufu. Muchinyorwa chino **cheMharidzo Yokuuya Kwake**, apo tiri kupemberera makore gumi vaviri ava vatisiya, zvinyorwa zvedu zvose zvichange zvakatarira kuizvo zvavaifarira uye nemashoko avakataura mukutikurudzira muushumiri kunaMwari. Mupepeti mukuru weHerald Of His Coming, Richard Carmicheal, mukurangarira ava vaviri anodurura aya mashoko anotevera: "Gore ra2014 rakave gore rinorwadza zvikuru kuvashandi vose veHerald of His Coming, apo dzimwe nhengo dzedu mbiri, Christine Ludlow naLois Stucky vakaenda kunova naTenzi wavo [Kumusha woKudenga]. Tsvarakadenga mbiri idzi hadzina kumbobvira dzawanikwa uye kubvira mugore ra1988 vaigara muimba imwe chete. Zvakazoti mumwedzi waGunyana [Sepetmber] 2014, pataitsvaira tsvaira nokuchenesa mudzimba dzavo dzavaigara, ini nemudzimai wangu Gail, apo takange tave muimba yokurara yavaviri ava Lois, takaita mahwekwerere nechimufanakidzo chaSimone Lopez, uyo aivawo sahwira mukuru kwazvo waLois Stucky nepepa reHerald of His Coming kubvira kumakore aana 1960. Waive mufanakidzo wairatidza chimhandara chaifamba nepanzira yakamanikana zvikurusa, uku kumativi ose ari mazihombemukombe emazitombo makuru. Nechekumusoro uko mukati-kati memakore okudenga, munowanikwa Tenzi nengirozi dzavo dzedenga.

Mudzimai wangu, Gail, mukuona izvi, akabva afungidzira kuti, zvichida chimhandara ichi chairakidzwa mumufanakidzo uyu, aiva iye Lios Stucky pachake. Iniwo [mukuvaviwa nokuda kuzivisisa] ndakabva ndanonyorera Simone Lopez [uyo akazoteverawo makore maviri aitevera] ndichimubvunza pamusoro pemufanakidzo uyu watainge taona patatsvaira tsvaira mumba maLois Stucky. Simone Lopez akapindura achiti iye, zvechokwadi iyi yaive "mhanhara Lois aipinda napanzira yakamanikana zvikurusa, uku ane Shoko raMwari, muruoko rwake achifamba mukutungamirwa nekuchengetedzwa naIshe wake." Ndinorapafadzwa zvikuru sei kwazvo [nanhasi] kuva nemufanakidzo uyu paukuri wehofisi yangu. (Chirangaridzo chikurusa chokushingairira mubasa raMwari)

Mufanakidzo waSimone uyu, uyo wairakidza Lois Stucky achifamba nenzira yakamanikana uye ine mazitombo makuru, waive wakafanirana zvikuru, nemhaka yokuti chisikana Lois akafamba nenzira yakaitawo saizvozvi muupenyu hwake hwose. Akatora sarudzo nemifungo yakaoma zvikuru **(hard decision)** achiri musikana mudiki kupira zvose zvaaida neshuviro dzake dzose, akapira upenyu hwake hwose kunaIshe Jesu uye kubasa rake [roushumiri]. Chokwadi, Ishe vedu vakavimbikawo zvikuru kwaari, akazadza upenyu hwaLois nemufaro mukuru uye akamubvumidza kuva nezvibereko zvokubwinya kwake. Zvisinei, munzira yake makavawo nezvipingidzo uye izvi zvaida upenyu hwokuzvipira nokuzviramba. [Uku ndookutakura muchinjikwa kunorehwa neShoko raMwari]

Ndinotaura izvi kwete kuti tiringire meso edu kuna Lois uye kumurumbidza. Anga asiri uya anoda kuti vanhu vamutarire nokutaura taura nezvake– ndiyo mhaka nei mufanakidzo uyu waive wakavigwa muimba yake yokurara yakavanzika. Asika ndiri kugoverana newe kuti zvikukurudzire mukufamba kwako iwe naIshe Jesu Kristu. Ungadai uri mukati mezvipingidzo apo paunotsvaga kutevera nzira yawakatemerwa naKristu pamberi pako. Nedzimwe nguva nzira inokwanisa kuva yakaoma zvikuru zvichitoda kuzvipira, kuzviramba, kutambudzika uye nokushingairira. Ungadaro uri kusangana nematambudziko uye kupikiswa. Asika rangarira, "uyo ari mauri mukuru pane uyo ari munyika" (1 Johani 4:4) uye rangarirazve kuti unokwanisa kuita zvose kubudikidza naIshe vanokusimbaradza (VaFiripi 4:13). Zvisinei neukuru hwemhingiridzo dziri mberi kwako, ramba wakavimbika kunaShe nekuzviga nenzira dzake. Ndiye mubatsiri wako, uye vakavimbisa kuti havazofi vakakusiya kusvika kumagumo (VaHeberu 13:5-6). Kana dai zvikarema sei, hauzofi wakazvisvora kuraramira kubwinya kwake Jesu Kristu! Mumashoko akezve ekurudziro kuvaverengi vose **veMharidzo Yokuuya Kwake** munyika yeZimbabwe Richard Carmicheal anoti iye, "Nyasha norugare zvinobva kuna Mwari Baba vedu nokuna Ishe Jesu Kristu ngazvive kwamuri mose. Ushumiri hweHerald of His Coming hwakatangwa mugore ra1941, naWilliard C. naSarah Foulkes Moore, mudhorohba reLos Angeles, California munyika

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)
yeUnited States of America. Chinangwa chaiva chokudhindisa pamwe nokugovera zvinyorwa zvemutsurudzo kuitira kubatsira kereke yaMwari kuti igare yakagadzirira nokurindira kuuya KwaShe wedu Kristu Jesu. Zuva zvorodai kusvedera paduku nepadukusa, tinorumbidza Mwari zvikuru neuyu mukana, weHerald, wekuramba ichikurudzira, kusimbisa uye nekudenha vanhu vaMwari neiri shoko rekutendeuka, mutsurudzo, minyengetero, utsvene nekuvhengera. Nhasi uno tinotenda Mwari nenyasha dzavo idzo dzatibvumira kugoverana shoko iri mururimi rwechiShona. Tinofara zvikuru neuyu mukana uye tinonamatira kuti Ishe vachakomborera upenyu hwavose kubudikidza nepepanhu reMharidzo Yokuuya Kwake, [The Shona Herald]. Mwari vedu vakanaka uye vane nyasha dzokutumira Shoko ravo kuti ribatsire vose vanoriteerera. "Kuna iye anogona kukuchengetai kuti murege kugumburwa uye anokuisai pamberi pokubwinya kwake musina chamunopomerwa, uye nomufaro mukuru, kuna iye Mwari oga muponesi wedu, ngakuve nokubwinya umambo, simba noukuru, nokuna Jesu Kristu Ishe wedu, nguva isati yavapo zvino nokusingaperi" (Judha vs. 24-25). Tiri tose munaKristu. Mumamwezve mashoko ake Richard anoti iye, chinhu chakamubata mukushanda kwake naLois ndechokuti, haana kumboona kana chinongo chimwe zvacho pana Lois, mukushanda kwaakaita naye kwamakore gumi nemashanu.

[Ndichakotamira pasi ndakatarisa kutemberi yenyu tsvene, uye ndicharumbidza zita renyu nokuda kworudo rwenyu nokutendeka kwenyu, nokuti makakudza zita renyu neshoko renyu pamusoro pezvinhu zvose. Mapisarema 138:2]

KUDURURWA KUKURU KWOMWEYA MUTSVENE

"Mushure maizvozvo, ndichadururira Mweya wangu pamusoro pavanhu vose. Vanakomana navanasikana venyu vachaprofita, vatana venyu vacharota hope, majaya enyu achaona zviratidzo. Kunyange pamusoro pavaranda vangu, zvose varume navakadzi, ndichadururira Mweya wangu mumazuva iwayo. Ndicharatidza zvishamiso kudenga napanyika, ropa nomoto neshongwe dzoutsi.Uye ani naani anodana kuzita raJehovha achaponeswa; nokuti paGomo reZioni nomuJerusarema muchava noruponeso, sezvakataurwa naJehovha, pakati pavanopunyuka, avo vachadanwa naJehovha" (Joere 2:28-32).

Tinobvuma nokutenda here sevatendi, kuti tave kurarama muawa rokuguma remazuva okupedzisira, uye kuti zvivimbiso zvose zvaJehovha Mwari wedu zvave kunozadzikisiwa? Ngativerengezve mavhesi atatanga nawo pamusoro; *"Mumazuva okupedzisira" ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari, "ndichadurura mweya wangu pamusoro penyama yose [pamusoro pavanhu vose]"* (Mabasa Avapostori 2:17). Maringe namavhesi iwaya chokwadi chiripo ndechokuti yatiri kurarama inguva yokushanda kwaMweya Mutsvene. Pendakosti ndiro rakave zuva rokuzvarwa kweKereke yaKristu. Ndiwo akave mavambo eKereke yoMweya Mutsvene nokurakidzwa kwesimba rake. Zvino kana mupositori Petro achitaura nezuva rePendakosti **se "mazuva okupedzisira"** zvinorevaka izvo kuti isu [iwe neni nhasi] tave kurarama muma awara okupedzisira" emazuva okuguma. Tave pazuva roMugovera murungano rweKereke uye tave kunanairira paawa regumi neimwe. (Pangosare maminitsi maviri chete kuti awara repakati pousiku riti ngendeeee!)

Jehovha vanoti ivo **"mumazuva okupedzisira"** vachadurura Mweya Mutsvene wavo pamusoro pevanhu vose (*pamusoro penyama yose*). Chivimbiso ichi chakazadziswa zvishomanana pazuva rePendakosti. Zvasariresu nhasi uno kuti tione kuzadzikiswa kwose, kwakazara nokuperera kwokupedzisira. Kuti tione kudururwa kukuru kwoMweya Mutsvene nesimba rake. Rega ndikuyeuchidzezve mudikani kuti, yatiri kurarama nhasi inguva yokushanda kwoMweya Mutsvene. Ko aripo here magwaro anotitsigira patariro yedu iyoyi yokudururwazve kwoMweya waMwari zvotodai kupinda **"muawa rokuguma"** yamazuva okupedzisira? Ini ndinotenda kuti magwaro tinawo *anopedza nzara nenyota yedu.*

Tariro yangu huru uye yakadzika nokudzikisisa ndeyokuti Mwari vamirira kudururazve mweya wavo, uye kana

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamato. Rinopihwa pachena kuna ani naani anenge arikumbira kubva kune **veGospel Revivals Inc**. avo vanotsikisazve magazine rechirungu rinonzi Herald Of His Coming. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A. Kero yepawebsite: heraldofhiscoming.org

Mukoponori nomupepeti **weMharidzo Yokuuya Kwake:** Godfrey Ndiriwenyu. Ndapota tumirai minamato, zvikumbiro nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe.
E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com
Nhamba dzembozharunhare ndedzinoti +263 772 929673 DzeLandline +263 292 498041
Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe

vakasangana nehana dzakagadzirira vachapa mafashamu makurusa emutsurudzo. Mafashamu iwaya, ndinodavirawo kuti ndiwo ari kudikanwa zvakanyanyisa paino nguva yatiri kurarama. Ko mafashamu aya ndeevakaita seiko? Vashoma here kana kuti ndeye vazhinji? Ndeevatungamiri nevechirume voga chete here? Mhinduro inoti kwete! Mbiri yose ngaiende kuna Mwari vedu! Shoko ravo rinoburitsa pachena kuti *"Ndichadurura Mweya wangu pamusoro pevanhu vose. Hongu pamusoro pavanhu vose! Vakweguri navadiki, vapfumi navarombo, pamusoro pavari kumusoro nevari pasi,uye vachena navatema…vanhu vose" ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari wedu.*

Inzwa Jehovha vachitaurazve, *"vanakomana navanasikana venyu vachaporofita, majaya enyu vachaona zviratidzo…. Pamusoro pavaranda vangu ndichadurura Mweya wangu mumazuva iwayo"*. Kwete murume woga asi nemukadziwo; kwete pamusoro pavatana chete asiwo vadiki; munhu wose. Ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari wedu. Vanasikana vachaporofita, uye navarandawo. Munhu wose anekodzero yokudururirwa iri simba [rokumusoro]. Kudururwa uku kuchave mupasi rose pamusoro pavanhu vose kwose zvakwo. Munhu wose anekodzero yokutsvaga aya mafashamu uye Kereke yose inobvumirwa kuatarisira. Kudururwa kwoMweya uku ndiyo chete mhinduro kumatambudziko ose atakatarisana nawo nhasi. Kwete mari, aiwa, asi kudururwa kwoMweya Mutsvene. Kwete kukakavara kuti tionekwe navanhu asi kushandira kuti tichengetedze huvepo hweMweya Mutsvene. Zvanzi izvo naJehovha ndichadurura Mweya wangu pamusoro penyama yose. Haleluya! Ichi ndicho chikuru chiri kudikana zvikuru munguva yatiri kurarama. Mweya Mutsvene. Mafashamu oMweya Mutsvene. [Haiwa rega nditi ini chamupupuri chokudururwa kukuru kwoMweya Mutsvene.

[Munamato: *Baba, simba nokuzodzwa kunobva kumusoro ndozvatinokumbira nhasi. Mweya Mutsvene musimba rake rakaperera ndiye atinochemerera nehana dzinotsva nhasi. Ko hamungatimutsiridziwo here nhai Ishe, vanhu venyu vagofara mamuri. Muzita riri pamusoro pamazita ose, zita raJesu, tanamata, nokunyengetera.* AMENI!]

"IZVI NDIZVO" Mabasa Avapostori 2:14-18…

Paive pasina kupokana paizvo zvaive zvaitika. Ndokusaka mupositori Petro achiti iye "Izvi ndizvo zvakataurwa". Munhu wose aive akatarisana nokuzadziswa kwezvakambenge zvakambenge zvarehwa nokutaurwa nezvazvo. Chaive chiitiko chechokwadi chiri pachena. Pane chakaitika, icho chaishamisa nokukatyamadza uye chisina mukare akambenge azviona zvokuti hapana kana aipokana nazvo.. Kwaive kusingori ''kutenda'' kwoga asi chaive chiitiko chezvokwadi, gutsa mweya nameso uye chakaonekwa masikati machena [zuva rakacheka nyika]. Zvinhu zvakatanga kuitika,zvishamiso neminana zvikatanga kuonekwa. Mweya akatanga kushanda zvinoonekwa uye ipapowo michero yoMweya ikatanga kuonekwa. Zvisiri zvokuda mbiri kwete, asi kushandira vamwe. Havana kubva panzvimbo iyi vachinotsvaga minana. Bodo! Vakabvapo vachitsvaga kushandira Mwari. [Chamupuri chedenga chakavashongedza nokusanyara pazvinhu zvouMwari. Inzwa mumwe wavo achitaura munguva yakatevera "handina nyadzi pamusoro peivhangeri nokuti isimba raMwari rokuponesa munhu wose anotenda: kutanga kumuJudha zvichitevera muhedheni]. Ko izvi zvakakonzerwa neiko? Pane zvinhu zviviri chete. Chokutanga, mazuva gumi omunyengetero. Kwete musangano wokutamba nokungotaura, asi wokuchema nokutaura naMwari. Mazuvaano isu tabatikana zvikuru sei zvokuti nzeve dzedu hadzichanzwi kana Mwari vachitaura nesu. Hatimbokwanisi kana nepaduku pose zvapo kumbonyarara zvishomana kuti Mwari vambotaurawo. Munhu anonyengetera kwe awara rose asina kumbomira kuti anzwe kuti ivo Mwari varikuti kudii, vazhinji vachitomurova bendekete kuti ishasha pamunyengetero. Iya minyengetero yokumira nokumiririra vanhu vakanyarara chatove chinhu chakare. Asika sokutaura kunoita Shoko, ava vakamirira. Mwari akavaona vakamirira. Kwamazuva gumi, vaive vakarerekera nzeve dzavo kumatenga. Petro akatombokanganwa nezvebasa rokuredza hove. Muteresi Mateo akatombokangamwawo nezveuteresi kwechinguva chishomana. Zvose zvipingidzo zvakamboiswa padivi. "Vatendi vose vakange vano mwoyo mumwe nendangariro imwe". Ndizvo Mwari vakavasvitsa vakagadzirira uye vakamirira kudururwa kweMweya Mutsvene.

Ndicho chinhu chikuru chiri kudikana nanhasi muvakristu – munyengetero. Kuzvipa nguva iwe woga naMwari. Uchimbonyararawo zvishomana kuti Mwari vambotaurawo uye kuti umbonzwawo kuti denga rinoti kudii.

[Mudikani] Nyengetera, ugonyengeterazve kusvikira wadonongodza twose tunokunetsa. Kana Mwari vachinge vagadzirisa zvose, chirega ivo vakupe chiono chitsva. Ramba wakaterama muhuvepo hwavo kusvikira woona samaonero avo, kusvikira waona zvavanoda kuti uone. Kana ukadana kwavari, vachapindura uye vachakuratidza izvo zvikuru zvakavanzika zvausingazivi. Vachakuudza izvo zvakakosha – kana ukavamirira. Kana zvikanonoka usaore moyo, ramba uchinamata nokunyengetera. Kunonoka hakuziri kuramba. Vapositori vakaramba vachinamata nokunyengetera!

VAKATENDA NOKUVIMBA NAMWARI...

Iri ndiro rakave danho repiri – **kutenda**. Vakaisa kutenda kwavo nevimbo yavo yose mushoko rake. Ko ravaitenda shoko iri raive ripiko? *"Ndichatumira chipikirwa chakavimbiswa naBaba, imi garai muguta kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro"* [Ruka 24:49]. Pana Mabasa Avapostori 1:4-5 Jesu anosimbisa zvakare ichi chivimbiso. Paakange achidya navo akavapa kurayira uku, akati, *"Musabve muJerusarema, asi mumirire chipo chakavimbiswa nababa vangu, icho chamakanzwa ndichitaura pamusoro pacho. Nokuti Johane akabhabhatidza nemvura, asi mushure mamazuva mashomana muchabhahatidzwa noMweya Mutsvene".*

Akazono namatidzirazve uchi noudobodoo uhwu kunaMabasa 1:8 *"Muchagamuchira simba kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu, uye muchava zvapupu zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose nomuSamaria, uye kusvikira kumigumo yenyika."* Pazvivimbiso izvi ndipo pavakaisa kutenda kwavo kwose. Kwete kuzvavainzwa zvinyika, kuzvavaifunga kana kukuda kwavo asi pashoko benyu raMwari. Vaiziva, zvisina kana kupokana kwose, kuti Ishe vachazadzikisa chete Shoko ravo. Vakamirira! Inzwa hama yangu, iyi, yakange isiri nguva yetora nokutenda, kana iya yatingati shandisa ungwaru. Aiwa! Kwaive kutenda kwakazara, kupenyu uye kune tarisiro kunaMwari. Kutenda kunoziva nokuvimba naMwari. Nemhaka yei vasina kuregedza mushure mamazuva manomwe chete? Anditi dai ari nhasi ungadai takangoti "haiwa nokutenda zvichaitika handei. Sokuvimbisa kwake haaa zvichangozoitikawo". Asi ava Havana kusiya vakaramba vakamirira chivimbiso chaMwari. Vakamirira.

[Munamato: *Baba, kuzodzwa kunobva kumusoro ndokwatinoshuvira nokudokwairira nhasi. Mweya Mutsvene musimba rake rakaperera ndiye atinogomerera nokuchemera nhasi. Timutsiridzeiwo iye nhasi Ishe, kuti vanhu venyu vagofara mamuri nokusingaperi. Muzita riri pamusoro pamazita ose, zita raJesu Kristu, tanamata* AMENI!]

VAIDOKWAIRIRA ICHO CHINOONEKWA...

Vaidokwairira icho chinoonekwa nomunhu wose. Chinobatika! Icho chaizopupurirwa nomunhu wose pasina nharo. Ishe vakange vati ivo **"kusvikira"**. Nesuwo nhasi tinokwanisa kumirira, tiine kutenda **"kusvikira"** Mweya mutsvene adururwa zvinesimba pamusoro pedu uye pamusoro peavo vasingamuzivi. Chiiko chinoitika kana Mweya Mutsvene akadururwa zvinesimba pamusoro pedu? Zvii zvatinonotarisira kuona kana chivimbiso ichi chadzika nesimba? Mhinduro tinoiwana paizvo zvakaitika pazuva rePendakosti mushure mokudururwa kukuru. Uye izvo zvakaitika nezuva iroro, Mwari vedu vanokwanisa kuzviita zvakare nhasi. Anogara akadaro zuro nhasi nokusingaperi; zvakaitika nezuva iroro rokudururwa kukuru vanokwanisa kuzviita zvakare nhasi. Ngatimbotarira tione izvo zvakaitika mushure mukudururwa kukuru uku kwoMweya Mutsvene.

VAKAVA NOKUSATYA...

Chokutanga vadzidzi vakapiwa kusatya [chivindi]. Tarira musiyano unoshamisa uripana Petro, minin'ina waAndrew, uyo akambomuramba Ishe wake pamberi pemhandara iya yechiJudha. Chimunzwa zvino amira pemberi pezviuru nezviuru zvavarume achivapomera mhosva yokuraya Mwanakomana waMwari. *"Naizvozvo vaIsiraeri vose ngavazive chinhu ichi: Jesu uyu wamakarovera pamuchinjikwa, Mwari vakamuita Ishe nakristu"* (v 36). Iri, chete, isimba roMweya Mutsvene rinounza kusatya kunokatyamadza zvikuru. *"Hazviitwi nehondo kana nesimba, asi nomweya wangu" anodaro Jehovah.*

VAKAVE NESIMBA RAKAWEDZERWA…

Chechipiri, vakave nesimba rakawedzerwa, simba rinoshamisa. Ndiroka simba ravaive vakavimbiswa paye naIshe wavo, "muchagamuchira simba roMweya Mutsvene". Kwete simba raive mavari ravakazvarwa naro, asi simba raishanda kubudikidza nemavari richibva muchitubu choMweya Mutsvene waigara mavari. *"Ani naani anotenda kwandiri sezvakarehwa mumagwaro, hova dzemvura mhenyu dzichayerera dzichibva mukati make"* (Johane 7:38). Uye, [maiwe zvangu kani], tarira mabasa anoshamisa akaonekwa zuva iroro. Inzwa! Vanhu "vakakatyamadzwa uye vakakanganisika" (2:12). Ndoochakave chokutanga ichocho. Varume navakadzi vakuru vakakatyamara vakavunzana vachiti "Zvinoreveiko izvi" (vhesi 12) Miromo yose yakabvunzana. Vakakatyamara, vachikanganisika nokuvhirinzidzika. Ndozvinoitika, uye ndizvo zvinofanira kuitika, kana Mweya Mutsvene wadzira pamusoro pevanhu vake. Vanokatyamara. Mubvunzo mukuru ndewokuti, chiiwo chakamboitika mumisangano yedu chakakonzera kukatyamara nokukanganisika kwavanhu? Kereke yenyu yakagumisira riini kukatyamadza nokukanganisa. Vaenzi vakaenda here vachinoudza hama neshamwari nezvemabasa anoshamisa aMwari paKereke yenyu. Kana zvisinakudaro, nemhaka yei? Hakuziri kuti here hapana minana iri kuonekwa. Hazvingadaro here kuti Kereke yenyu yangofananawo nedzimwe nzvimbo. Kungove nzvimbo yakajairika somubhawa kana muchitoro.

[Munamato: *Baba, kuzodzwa kunobva kumusoro ndokwatinoshuvira nokudokwairira nhasi. Mweya Mutsvene musimba rake rakaperera ndiye atinogomerera nokuchemera nhasi. Tidzizdziseiwo savadzidzi vapakutanga kunyengetera, kuti tigofara mamuri nokusingaperi. Muzita riri pamusoro pamazita ose, zita raJesu Kristu, tanamata* AMENI!]

TINOTARISIRA HERE ZVISHAMISO NEMINANA…?

Chitendero chedu ndecheminana. Nemhaka yeiko tisingachatsvagi Mwari musimba ravo rose, kuti vaite zvishamiso neminana pakati pedu. Chikonzero ndechokuti Mweya Mutsvene haasi kudururwa mumaKereke edu zvinemutsindo. [Somutungamiri weKereke] Kumbira Mwari nhasi kuti akudururire mafashamu oMweya Mutsvene. Uchaona zvinokatyamadza, neminana zvichiitika. Mhaka huru ndeyokuti tagarisa zvikuru tisingaoni minana nezvishamiso zvokuti tatove vaye vana "zvakanaka zvakadaro". Kana minana ikavapo ndisu tinototanga kutiza saMosisi. Kana Mweya Mutsvene adururwa hazvidi kushambadzirwa, uye zviri nyore kukokera vanhu kumisangano yedu. Hazvimbonetsi napaduku pose. Bvumidza chete zvinokatyamadza nokushamisa, uchaona muKereke musisina nzvimbo yokuvaisa vanhu vanenge vachiuya. Vanoita chipiti-piti kuzoona zvinenge zvichiitika.

VAKANZWA MHOSVA PAMUSORO PECHIVI…

Chechitatu: Vanhu havana kungokatyamadzwa chete nezvakaitika, vakabayiwa neshoko. *"Zvino vakati vachinzwa izvi,*

vakabayiwa pamwoyo vakati kuna Petro navamwe vapositora, 'Toiteiko?'" Hapoka! Mweya Mutsvene aive obata basa rake. Ndoozvanogonaka izvi! Ndizvo zviyaka zvaive zvavimbiswa naishe, *"Kana akasvika achapa nyika mhosva pamusoro pechivi"* (Johane 16:8). Paakango dururwa chete pamusoro pevadzidzi akabva atotanga basa rake rokubaya baya mwoyo yavanhu. Kubaya kwaitonzika kuti dyo-o kusvikira vabvunza kuti "nhai hamawe voiteiko? *"Shoko raMwari ibenyu uye rine simba rose. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri. Rinobaya kusvika kunyange panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo, rinotonga mifungo nendangariro dzomwoyo. Hakuna chisikwa chakavanzika pamberi paMwari"* (VaHebheru 4:12).

Ndozvazvaiveri, ndazvazviri, uye ndozvazvichava kana Mweya akabvumirwa kushanda.uye kana kukava namafashamu mudziKereke dzedu. Vanhu vanobaiwa! Ndicho chinhu chikuru chiri kushaika mubasa raMwari nhasi. Shoko redu harichabayi sepakutanga. Haricharwadzi.

Avo vanonzi vatendeuki vanotouya mberi zviya zvefadzamuparidzi uye vachitonyemwerera sevasina mhosva yechivi. Zviri nyore, hama yangu, kungounganidza vanhu, asiwo zvine ngozi huru kana vasina kubayiwa zvakadzika neshoko raMwari. Shoko rinobaya, ndicho chinhu chiri kudikana kupfuura zvose nhasi. Kubayiwa kunosiya vanhu vane mubvunzo 'Nhai varume toiteiko?, pamiromo yavo. Mwari ngaatitire nyasha, atisunungure kubva kuivhangeri yanhasi inongokushiwa asi isina simba nokubaya. Tanzwa, veduwe, taguta neivhangeri yakareruka uye yakazara pfa-a nezvisekeso nokufadzana asi isingabayi dyo-o mudzihana dzedu. Ivhangeri isingachemedzi. Hazvishamisi nei Mweya mutsvene asiri kushanda nhasi mumakereke edu. Mharidzo dzedu dzave dzokusekedzana nokufadzana, uye dzimbo dzedu dzave dzokusimudza makumbo asiwo dzisisa simudzi mweya yedu. Dziya dzimbo dzakare dzinopa mhosva yezvivi dzasendekwa padivi. Kuvapo kwomweya mutsvene kwonzi ngakuonekwe neruzha ruripo uye kuti mharidzo yaisekesa vanhu zvakadii. Ko nhai hama, mweya mutsvene angashanda sei pakadai? Kubayiwa neshoko hazvirevi kutendeuka chete. Aiwa. Zvinoita kubaiwa neshoko asi usingatendeuki. Kunze kwokunge abaiwa neShoko akatendeuka, hapana basa rinenge raitwa.Shoko kana richinge rabaya panofanira kukonzera kusiya zvivi. Apo pane kudururwa kwoMweya Mutsvene panewo mherekedzo yokutendeuka kwakaperera. Mweya yavanhu igozvarwa patsva nokuponeswa. Nezuva rePendakosti hapana kungova nokutya chete, kana kungova nesimba chete kana kubayiwa kwoga asiwo pakave nekutendeuka kwakaperera. Haleluya! Vanhu vakaponeswa zvechokwadi zuvaro. Vakapfuurira vachiyambuka kubva kurufu kuenda kuupenyu, kubva kumarinda vachienda kukubwinya. Sezvo Mwari vane nyasha nemwoyo murefu, havadi kuti ani naani zvake arasike naizvozvo chinangwa chake ndechekuti vose vatendeuke. Kana kereke isingatendeutsi vanhu haina chikonzero chokuvapo. Takadanirwa kuponesa vamwe. Kana Mweya Mutsvene akadururwa zvinesimba vanhu vanoponeswa pachokwadi zvisina tsvete. Kana tisiri kuwana vanotendeuka, ungava mucherekedzo wokuti hapana kudururwa kukuru kwoMweya, nokuti kana akauya anozvara vanhu patsva. *"Avo vakagamuchira shoko rake vakabhabhatidzwa"* (41) uye pazuva iroro vanenge zviuru zvitatu vakawedzerwa pauwandu hwavo. Paive pasina kunyengererana, kana kukakavadzana. Vakauya! Ngozi yaivepo vakaiona nameso aive azarurwa nemweya Mutsvene. "Zviponesei" ndiro shoko rakavasimudza. 'Nhai varume toiteiko?' ndiyo yakave mhere kubva pamiromo yavo vose.

Vakadavira kukutaura kwomweya Mutsvene kwete Petro. Nhasi uno, uh! Hama yangu, zvashanduka. Tinomirira tichinyengetedza nokunyengerera vanhu, dzimwe nguva kwemaminitsi makumi matatu muvhangeri achingonyengerera vanhu kuti vatendeuke. Mushure ndoopaunozoona, munhu oti kwaku, achiuya zvishoma shoma, asinganyari sokunonzi arikutonzwira muvhangeri naMwari tsitsi. Ungati ityira kunyadzisa muvhangeri. Kazhinji zvanoitika pakadai, itendeuka musoro chete kwete mwoyo, nokuti fume mangwana racho munhu anotsvedzera mumashure. Hongu mudikiani, ndozvitiri kuona nhasi mumakereke edu. Asi ndizvo here zvazvaveri pazuva riya rePendakosti? Kwete. Pazuva iroro vakafara uye vakauya nokukurumidza kunaIshe. Kubayiwa neshoko kwakaonekwa pachena.

Mweya Mutsvene akabate basa rake. Vakange vane mikwende yairema kumisana yavo, uye chavakange voda chete kuitura. Ndozvazvinoita kana Mweya Mutsvene otanga kushanda. Vanouya vachimhanya. Vachiita chipiti-piti semombe dzinomhanyire chitubu chemvura. Muvhangeri anotombomira kuparidza nokuti vanhu vanenge vopitizirana. Vanotouya chete, havaregi, nokuti ndiyo chete nzira yavanenge vaona yokutura nayo mitoro yavo. **"Vakazvipira"** (v 42). Uku ndiko kutika havana kudzokera shure. Chikonzero nei tiine tsvedzera shure dzakawanda mumazuvaona mudziKereke dzedu imhaka yokuti hatina avo vanonyatsogara mutserendende vakananga kuna Jehovah Mwari wavo. Tine tendeuka misoro chete, kwete kubva mumweya nehana. Hapana kubatisisa icho chavanotendeukira. Pave paye unozonzwa voti "A veduwe ndakambozviedza asi zvakaramba" hapana kwavanosvika. ChiKristu hachiidzwi. Kana! Chinopindwa kamwe chete uye nokuperera. Kuzovadzorera kuKereke vanhu vakaita saivava zvakaoma sokupamba guta.

KUZADZWA KWEMIFUNGO NESHOKO RAMWARI…

Charles Finney, muparidzi mukuru aiva nesimba guru, zvichienzaniswa namazuva avapositori. Mharidzo dzake dzaive dzakananganga nechivi. Aitarisana nemifungo yavanhu kubudikidza neShoko raMwari. Ndiyo mhaka nei vanhu vake vaimira vakasimba achetendero chavo. Gumi navashanu chete muzana ndivo vaidzokera shure. Makumi masere navashanu vairamba vakabatirira. Kana tichizvienzanisa navaparadzi vane simba savana D. L. Moody naWesley, vaigaro chema chema nedambudziko ravazhinji vaitsvedzera shure.

"Vakazvipira" Mashoko aya anofanira kutisiya tinomubvunzo wokuti nemhaka yeiko vanhu vedu vachitsvedzera shure nguva dzose. Hazvina kufanira here kuti patinodzokera kuavo vatakaparidzira mushure mamakore mashanu chete kana gumi, tivaone vachakangobatirira? Kana zvisina kudaro tiri kuitei sekereke yaMwari? Misangano yedu haisi kutoomesa hana dzavazhinji here zvokuti vanotevera shure vachava nebasa guru kwazvo Zviri nani kava nevashoma muKereke asi vakamira vakashinga pane kuva nedzamatsama ravanopupura asi vachinopozhomokera shure savakatsika derere kana mateko ebhanana.

PAKAVA NESIMBA REKEREKE TSVENE…

Mushure mokudururwa kwoMweya Mutsvene nezuva rePendakosti, minana yakaonekwa. Vanorwara vakaporeswa, uyewo vamwe vakadzikinurwa padzinjodzi norufu. Ndiroka simba reKereke yaMwari. *"Vanhu vose vakabatwa nokutya, uye zvishamiso zvizhinji nezviratidzo zvakaitwa navapositori"* (2:43). Zviratidzo, zvishamiso neminana zvakaitwa zvaive zvakawanda zviya zvokuti Shoko rizvidonongodze zvose, ndokusaka zvakangozoputiridzwa neaya mashoko *"Vapositori vakaita zviratidzo zvizhinji nezvishamiso pakati pavanhu… nokuda kwaizvozvo, vanhu vakauya navairwara munzira dzomumisha vakaradzika pamibhedha napahukwe vachiitira kuti mumvuri waPetro ungawira pana vamwe vavo paainge ava kupfuura napavari"* (5:12, 14-15). Rigoenderera mberi richiti iro, *"Vanhu vazhinji zhinji vaibva mumaguta akapoteredza Jerusarema vakaunganawo, vakauya navarwere vavo nevaya vaitambudzwa nemweya yakaipa, uye vose vakaporeswa"* (16). Heanoka mabasa anokatyamadza! Ndiro simba reKereke yaMwari. Zvikuru sei kana Mweya mutsvene achinge adururwa. *"Vadzidzi vakabuda vakanoparidza kwose kwose, uye Ishe akashanda navo uye akasimbisa shoko rake nezviratidzo neminana yaivatevera"* (Mako 16:20). Izvi ndizvo zvakaitika mumutsurudzo dzose dzamakore akapfuura. Pose paidururwa Mweya mutsvene minana, zvishamiso nezviratidzo zvokuporeswa zvaionekwa. Mweya mutsvene aishanda nenzira yapamusorosoro Mumabhuku ake John Wisiri anonyora nezviitiko zvinoshamisa zvaiitika mumisangano yake. Zvimwe chetezvo nemutsurudzo yeIrishi yegore ra1850. Charles Finney nayewo akaona zvishamiso zvikuru mumisangano yake. Zvisakushamisa hama kana ukaona zvishamiso neminana pose apo panenge padururwa Mweya mutsvene nhasi. Chinofanira kukukatyamadza ndokusaona minana nezvishamiso mukereke yaMwari wezvishamiso. Kana Mweya Mutsvene achinge atsika, pane zvinofanira kuitika chete. Chikonzero nei vamwe vedu vasiri kuporeswa apo tinovanyengeterera, imhaka yokuti mweya mutsvene anenge asiripo. Hama yangu tsvaga kudururwa kukuru KwoMweya mutsvene, zvose zvinofamba.

[Munamato: *OH ! Mweya Mutsvene waBaba, musimba renyu rakaperera dzikai mugobata hana dzedu iye nhasi. Mutsiridzai muviri yafa Ishe, kuti vanhu venyu vagofara mamuri nokusingaperi. Muzita riri pamusoro pamazita ose, zita raJesu,tanamata nokunyegetera.* AMENI!]

VATENDI VAKASHUNGURUDZWA…

Avo vanorarma upenyu hwoumwari vakaperera muna-Krsitu Jesu vachatambudzwa. Ndizvo zvakaitika nezuva iroro rePendakosti. Paakango dururwa chete Mweya Mutsvene pamusoro pavadzzizi, Satani nayewo akatangawo kudzvova. Chiripo ripocho vakange votokweshana navaprista uye vSadhuse. Vakazoona aikazve vatove mujere. Satani akange otangawo basa rake. Inzwa! Usafe wakafunga kuti vaprista navasadhusi vakapera vose kufa. Vachiriko. Mweya mutsvene akangodururwa chete uchavaona. Ndivo vanotanga kusimuka nokupotsera matombo. Wakambozviona here kuti kushungurudzwa kukuru kwavanomweya mutsvene kunobva kuvanotenda uye vazivi veshoko raMwari. Vose vakazadzwa nomweya mutsvene vangapupurirana neni ipapa. VaSadhusi navaprista vachiriko. Ndivo vanofanira kuva chiratidzo chesimba roMweya Mutsvene . Chinzwa zvakazoitika. Vakatsutsurudzwa vakanobvuzurudzwa uku vakanongedzerwa mapanga mumeso sevanonyemudzwa midzonga yenyama. Asika kushinga nemhinduro dzakapiwa navapositori dzairatidza simba roMweya mutsvene. Havana kudududza kana kudzokera shure. Vaive vasina kutya! Inzwa mhinduro inopiwa naPetro, "tongai henyu imi kana zvakarurama pamberi paMwari kuti titeerere imi here kupfuura Mwari. Nokuti isu hatigoni kurega kutaura pamusoro pezvatakaona nezvatakanzwa". Haleluya! vaSadhusi Havana kugona kufunga kuti voita sei. Dai kwanga kuri nhasi unofunga taiita sei? "chenjerera varume, mufambe zvakanaka pore – pore. Imbomirai mozoti pave paya. Remekedzai vatungamiri venyu…Imbomirai kuparidza mozoti pave paya zvave nani" nezvimwewo zvakadaro. Asi kwete vanaPetro. Vakasvika pakuvasunungura asi vachingokohomedzesa kuti vasadzidzisa muzita raJesu. Zvinzwire wega mubhuku yaMabasa avapostori. Ko vana Petro vakamira here kuparidza ivhangeri sokurayirwa kwavainge vaitwa. Kwete! Kungobuda chete vakamhanyira kuhama dzavo, uko vakanosimudza munyengetero waive nesimba guru. "Zvino ishe tariririai kutyisidzira kwavo mugopatsira veranda venyu kuti vataure shoko renyu nokushinga kukuru. Tambanudzai ruoko rwenyu kuti muporese uye zviratidzo nezvishamiso kubudikidza nezita raJesu muranda wenyu mutsvene".

Imbonyatsofungisisa! Vadzidzi vari kunyengeterera kushinga kukuru. Ukuwo vari kukumbira zviratidzo minana, uye nokuporesa kwakawedzerwa. Ndizvoka zvakange zvavapinza munataisireva. Mwari vakapindura. "Mushure mokunge vanyngetera,nzvimbo yavakanga vari yakazununguka. Uye vose vakazadzwa nemweya Mutsvene vakataura shoko raMwari vasingatyi". Mushure mechinguvana vakange vavezve mutirongo. Ah apa pakave nechisakaonekwa. Dzimwe nguva unombonzwa zvichiti dai waivepowo, uzvionerewo pamhino sefodya. Kupedza kungotora bhuku yaMabasa wozvibaya wega. Vakavunzurudzwa vakazosununguruwa, asi vambonanzwa nanzwa nerushamhu. Nedzimwe

nguva ndinombonzwa zvichiti dai kereke yanhasi yambopindawo mumatambudziko akaita saiwaya. Zvimwe ndipo patinganyatsoona makrstu echokwadi nevanonyengera.

TINE ZVIZHINJI ZVOKUITA...

Chimwezve chatinoona ndechokuti vakapihwazve mweya unoshamisa womunyengetero. Pane udobo dobo hwomunyengetero hwavakapa pana Mabasa 4: 23-31. Munyengetero kwavari chaive chinhu chakakosha zvikuru. Vanzwe vachitaura pane imwe nguva, *"ticharamba tiri pakunyengetera napaushumiri heshoko"* (6:4). Rangarira, pazuva rakasununguruwa Petro kubva mutirongo. Vakanyengetera. Paive pasina nguva yokuvata kana kuzorora. Kwavari munyengetero raive basa. Nanhasi zvichingori saizvozvo. Ibasa! Hama yangu, munyengetero ndeicho chakavanzika chiri mukudururwa kwoMweya Mutsvene kubva kare kusvika nanhasi. Fungisisa nezvemweya womunyengetero waiva pamusoro paFinney uye aya maMethodist okutanga. Maiwe zvangu kani, vainyengetera! Vaimirira, vachichema paminyengetero vasina mhaka nokufamba kwenguva. William Bramwell, aipedza potse mazuva maviri pavhiki ari mukutsanya nekunyengetera. Vaipedza usiku hwose vakatarira vachinyengeterera. Ndozvazvichiri nanhasi. Kana Mweya mutsvene awira pamusoro pavanhu vanowirwawo nemweya womunyengetero. Rumutsurudzo rwechokwadi runounza mweya womunyengetero. Dai wedenga atinzwira nyasha atinanzvisazve iyi mutsurudzo. Tigova vakaperera paminyengetero. Mumwezve muenzaniso wokudururwa kwoMweya tinouwana pachiitiko chomuimba yaKonoria (Mabasa 10). Achitsanangura muchitsauko 11 mupositori Petro anoti iye, *"Pandakatanga kutaura, Mweya mutsvene akauya pamusoro pavo semauyiro aakaita kwatiri pakutanga"* (11:15). Haleluya! Dai Mwari vambotipamhazve nhai! Chinhu chakadai chichiri kuitika here muushumiri hwedu. Pakambova here nechiitiko chaunoti kana wotsanangura unongoti chete, "Pandakatanga kutaura, Mweya mutsvene akauya pamusoro pavo semauyiro aakaita pakutanga". Mwari vakaita zvishamiso neminana zuvaro uye ichi ndicho chiri kudikanawo zvikuru nhasi. Kudururwa kwomweya sapakutanga. Kunze kwokunge Mweya Mutsvene ashanda, misangano yedu ingava yakaoma nokusvavarara. Asi kana akadururwa zvishamiso zvichawanikwa. Zvinova nyore kutendeutsa mweya yavanhu, kudzorera tsvedzera shure uye nokukurudzira vatendi. Zviri nyore kuti Kereke huru ishande mabasa ayo zvokuti inokwanisa kupa rondedzero yamandorokwati pamisangano yayo; vaimbi vayo vari vamandiriri, dzimba dzavo dziri chitaurirwa mbare yemusana, muparidzi wayo achipfuta moto nokumusana, utungamiri hwayo huchigona basa, vanhu vachiuya ivhu namarara, zvivakwa zviri zvidau dau, uye zvose zvazvo zviri muchechetere mura yeguvi. Vamwewo vagoirumbidza. Asika kana touya pauwandu hwavanhu, kanapo ine zviuru nezviuru, zvigozoonekwa kuti vazhinji havana kuzvarwa patsva zvechokwadi uye kuti havaratidzi michero yomweya. Nyaya huru inenge iri yokuti basa raMwari riri kushandwa zvaro asi pasina huvepo nesimba roMweya Mutsvene. Kunze kwokunge Mweya adururwa zvinhu zvose zvingangova pasina. Pose paive onopeta Mharidzo dzake Wisiri aivhara meso ake odanidzira kuna Mwari kuti vasimbise shoko ravo, uye kuti varatidze chokwadi cheshoko ravo. Zviratidzo zvaiwanikwa. Varume navakadzi vaiwira pasi nesimba roMweya mutsvene vachichema uye vachikumbira nyasha neruregerero rwaMwari. Vanhu vaiona nokubvuma kuti Wisiri aive muranda waMwari, uye kuti Shoko rake raive dzvene, uye kuti Mweya Mutsvene aivepo musimba rake guru. Ndozvazvaveri muushumiri hwaFinney. Mashoko mashomana musimba roMweya aibata upenyu hwavanhu nokusingaperi. Mushure mokutendeuka kwake munhu wose waaitaura naye nezveruponiso akatendeuka ipapo kana kuti mumazuva mashomana aitevera. Pose paaishumira paive nokudururwa kwoMweya Mutsvene uye nokubayiwa neshoko kwavazhinji, uye vachitsvairirwa muumambo hwedenga. Zvinonzi nerimwe zuva Finney akange achiparidza pane chimwe chikoro. Pakutanga vadzidzi navanhu vakamugumbukira. Asi pave paya zvinhu zvakashanduka. Mweya Mutsvene akadururwa, uye nechinguvana munhu wose akange ave pamabvi mumunyengetero. Kuchema nokugomera kwavo kwaive kwakadzika-dzika zvokuti Finney haaitombonzika. Kuna Finney izvi aive magariro. Aishumira ane tariro yokuona Mweya Mutsvene uchidururwa pamusoro pavanhu. Kana zvisaiita saizvozvo Finney haaigutsikana nazvo. Kana Mweya Mutsvene adururwa rake basa kwaive kunongedzera vanhu kuna Mwari. Ndiyo mhaka nei Finney akagara makoreakawanda achifema mweya wemutsurudzo. Aive akazadzwa neMweya Mutsvene. David Brainerd nayewo akaona zvimwe chetezvo. Kwemwedzi yakawanda aive ashanda pakati pavaIndia zvisina pundutso. Zvakazongoti nerimwe zuva achitaura samupositori Petro Mweya Mutsvene akawira pamusoro pavaIndia. Pasina chinguvana vose vakawira pasi vachichemera nyasha dzowedenga. Pachinguvana chishoma David akaona basa zhinji richishandwa kupfuura munguva yakapfuura. Nayewo akapupura samupositori Petro achiti, "Pandakatanga kutaura, Mweya mutsvene akauya pamusoro pavo semauyiro aakaita pakutanga". Regai tigumisire nakunzwazve aya manzwi, "Mumazuva okupedzisira" ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari, "ndichadurura mweya wangu pamusoro penyama yose [kana kuti pavanhu vose]" (Mabasa 2:17). Dai Mwari vakaita ichi chive chinhu chatinoona muushumiri hwedu nhasi, uye vagobvumira kuti Mweya mutsvene adururwa nesimba rake rose. Dai tose, savaKristu tamutsvaga zvakanyanya kubudikidza nemiteuro, minyengetero neminamato. Kudururwa kukuru kwoMweya Mutsvene – ndicho chinhu chikuru chiri kudiwa panguva ino.

[Munamato: *Oh Mweya Mutsvene wababa.Buruka zvino nesimba rako rose. Uya kufanana nokupenya kwezuva. Vhenekera mwoyo yedu, utionese kuipa kwedu. Oh mweya mutsvene,waBaba, gara matiri tarira tarasika wani. Buruka nhasi nesimba rako tivezve vatsvene vakaperera.* Ameni!] Kubva MuHerald Of His Coming ya1990.

Manzwi Kubva Kuhanzvadzi Lois Stucky (1928 – 2014)

(Manzwi akatetepera ndeaka wedzerwa nomupepeti...)

Pamusoro pokushingairira mubasa raMwari… "Rubatisro rwaMwari runodikanwa zvikurusa nhasi kuti tisvike kumagumo [oupenyu hwedu], tisingadududziri kana kusiya muchinjkwa. Zviri nyore kungosimudza muchinjikwa pane kuutakura [mazuva ose] kusvikira kumagumo oupenyu hwedu pane ino nyika. Akakomborerwa anoshngairira kusvika pazuva rorufu. Kutakura muchinjikwa kungangorevazve kuyambuka makungwa neIvhangeri uchienda kunzvmbo dzinokusuwa nemarwadzo. Kana, kubva pane zvandinoziva nezvandakaona nezvandakakura nazvo, zvingangoreva kupedza upenyu hwako hwose, uri muutera kana muurema mumvuri worufu, asiwo uri uya akavimbika mubasa raMwari reminyengetero. Vamwe vedu tingangodaro tiri pakati nepakati asika mukurarama kwedu kwose "pane muchinjikwa womunhu wose: pane muchinjikwa wangu." [HOHC raKubvumbi 2015 page 8]

Pamusoro pokuidzwa kwavatsvene… VaKristu vakavimbika nhasi vanosangana nemiedzo mukuru, kwete wokusiya kutenda kwavo, sezvakaitwa navana vaIsiraeri vari murenje, kwamakore makumi mana, asika kutsvedzemuka kubva pakudanwa kwavo kukuru kwokuti vafanane naKristu uyo watinoda zvikuru (VaRoma 8:29). Zvikuru sei hatifaniri kuomesa mwoyo yedu kune izvo zvikuru zvinofadza Mwari. Mutendi wose, kana asina kuchenjerera, mukusaziva, anokwanisa kusveverera mukufanana nezvenyika, izvo zvinozoguma zvoomesa mwoyo wake kuzvoumwari. Tinokurudzirwa neShoko raMwari kuti "pamusoro pazvo zvose tichengetedze mwoyo yedu, nokuti ndicho chitubu choupenyu" (Zvirevo 4:23).

Rubatsiro rwaMweya muminyengetero… "Dzimwe nguva Mweya Mutsvene anotaura nesu zvinyoronyoro, zvinotapirira, pamusoro pezviri muupenyu hwedu zvinoda kunatsurudzwa kuti tifanane naJesu. Rudo ruri muinzwi rake harupotseki, uye [pakarepo] runowana mhinduro yedu nokuchimbidzika. Dzimwe nguvawo inzwi raMweya rinouya nesimba gurusa uye neyambiro inovhundutsa [sechamupupuri]. Rungori rudo rumwe chete ruri kutaura, asika anenge ave kushanda nezvikurusa zvinoda kuchimbidzirwa. Ndizvo zvinoita sezviri kutaurwa naMweya Mutsvene apo ari kuti, "Naizvozvo, kana muchinzwa inzwi rake, masaomesa mwoyo yenyu sezvamakaita panguva dzokumukira, panguva yokuedzwa murenje..." (VaHebheru 3:7-8). [HOHC raChikumi 2017 page 9)

Shoko raJehovha rakauya kwandiri richiti, "Jeremia, uri kuonei?" Ndakapindura ndikati, "Ndiri kuona davi romuti womuarimondi." Jehovha akati kwandiri, "Waona zvakanaka, nokuti ndiri kutarira kuti ndione kuzadziswa kweshoko rangu." (Jeremia 1:11-12)

…Chimwezve chatinofanira kuyeuka ndechokuti uyo anotidana kuminyengetero anesu uye mubasa iri anotitungamirira. Oh tariraiwo chishamiso chakadai, chokuyanana naMwari muminamato nemunyengetero (VaRoma 8:26 *Saizvozvowo, Mweya anotibatsira mukusava nesimba kwedu. Nokuti hatizivi zvatinofanira kunyengeterera, asi Mweya amene anotinyengeterera nokugomera kusingatsananguriki namashoko. Uye iye anonzvera mwoyo yedu anoziva kufunga kwaMweya, nokuti Mweya anonyengeterera vatsvene maererano nokuda kwaMwari...*). Uye, mukushandisa Shoko raMwari, kurisimudza saMozisi pamusoro pehondo huru, zvinewo simba gurusa. Kana tikasaona mubairo ipapo, tikasarasa kutenda kwedu, mubairo uchauya chete (*Naizvozvo regai kurasa kusatya kwenyu, kuno mubayiro mukuru. Munofanira kutsungirira kuitira kuti kana maita kuda kwaMwari mugogamuchira zvaakavimbisa...* VaHebheru 10:35).

Bembera pamusoro paSarah Moore… "Mhandara Sarah Moore (Sarah nemurume wake ndivo vavambi vebepa reHerald Of His Coming) aive mudzimai aiva nemumhu mudukusa asika pamberi paMwari vaive chinoputika chaichoo paMweya. Vaigara vachitikurudzira kuti "Zvipirei kwazvo kwazvo muhondo iyi [yomunyengetero] musingatyi." Iti basa sebasa naMwari! Shanda nesimba rako rose! Mukoma Castersen, uyo avewo pamwe chete naShe, asi akange ari murwi mukuru wechikwata che Herald Prayer Group, namanyukunyuku naye akachemawo, "Zvikandirei kuhondo iyi" yokunyengeterera mutsurudzo. Minamato nemisodzo yevarwi vakaenda ava, ndidzo hadyana dzegoridhe dzakazara zvinonuhwira "inova iyo minamato yavatsvene. Ko yako minamato iri kuwedzerawo ere? [HOHC raKurume 2017 page 9]

"Ridzai hwamanda muZioni; ridzai hwamanda yokuyambira vanhu muri pagomo rangu dzvene. Vanhu vose vagere munyika ngavadedere nokuti zuva raJehovha riri kuuya. Rava pedyo" (Joere 2:1).

Tenda nokuteerea Mwari vari kudanira vanhu vachamira pamukaha kuti Mweya waShe ugofamba kubudikidza navo uye kuti "uto guru" ravaKristu rigoiswa mumunda

munguva ino yokupedzisira, kuti vagounganidzira kupupura kukuru kwemweya yavanhu, mazuva makuru okupupura asati apfuura zvachose. Mwari havana chavanoita vasina kuratidza muranda wavo-muporofita. Pane here nguva dzatinombonzwa sokunge Mwari vaitiisa pamupata wamapfupa akaoma. Mumunda wamakuva! Hongu ndiyo nguva yakafanira mutsiridzo, kana chete tikamuteerera Mwari. Jesu vanoti ivo *"Maeererano nokutenda kwenyu ngazviitwe saizvozvo kwamuri"* (Mateo 9:29). Mutirongo repaFiripi pakati-kati pousiku Pauro naSilas vakanyengetera nokuimba rumbidzo kuna Mwari – mutsiridzo ikatanga ipapo. Apo zvinoratidzika sezvakaoma – zvichita sezvisingabviri pameso avanhu – ndoopanodiwawo mutsurudzo pakati pavatsvene… NaW. C. Moore.

[Mhururu nemheterwa ngazvitsve maoko tichirova! Ivhangeri inozorodza heinoyi setumvura tunotonhorera murukova! Farai nokufarisisa vanhuwee, zororo herinoi rakawanikwa paGorogotha! Anodana Mwana waMwari, kwaari tonopota! Mukutenda maoko nhasi tinouchira. Worugare nhasi mweya tohotsira. "Huyai kwandiri imi mose makaneta nokuremerwa." Anodaro Ishe Jesu kwatiri isu tose takaremerwa. "Ini ndichakupai zororo." Kwatiri Muchinda woRugare anodaro. Ini nhasi nemabvi ndichapfugama. Nemiwo kuminamato ndokudanirai hama...Mupepti]

Jehovha anoti, "Kunyange zvino, tendeukirai kwandiri nemwoyo yenyu yose muchitsanya, muchichema uye muchiungudza." Bvarurai mwoyo yenyu, kwete nguo dzenyu. Dzokerai kuna Jehovha Mwari wenyu, iye ane nyasha uye ane tsitsi, anononoka kutsamwa uye ane rudo rukuru; anozvidzora pakutumira vanhu njodzi. Ndiani anoziva? Anogona kupinduka agonzwa tsitsi, uye agokusiyirai mukomborero wezvipiriso zvezviyo nezvipiriso zvokunwa zvinoitirwa Jehovha Mwari wenyu... Joere 2:12-14.

Hupenyu Hwapamusoro-soro

"Handingazovavanzirizve chiso changu, nokuti ndichadurura Mweya wangu pamusoro peimba yaIsraeri, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha" (Ezekieri 39:29)

Mutsvene ndiwo chete mushonga wokukoniwa uye nokurwara kwedu pamweya. Nguva yareba tichidzima nokugumbura Mweya Mutsvene. Dai Mwari vatipazve nzara nenyota itsva yokuita zvakarurama kuti tizadzwezve patsva [nomweya]. *"[Uku] ndiko kuda kwaMwari kuti muve vatsvene…"* (1 VaTesaronika 4:3). *"Pakuti Mwari haana kutidanira kutsvina, asi kuti tirarame upenyu hutsvene..."* (4:7). *"Mwari pachake, iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Mweya wenyu wose, nomwoyo nomuviri zvichengetwe zvisina mhosva pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu. Iye anokudanai akatendeka uye achazviita"* (5:23). Tinofanira *"kuchengetedza mirayiro yake, isina chainopomerwa kusvikira pakuonekwa kwaIshe wedu jesu Kristu"* (1 Timoti 6:14). Zvakare mupositori Pauro anoti iye *"Ani naani anopupura zita rashe anofanira kubva pane zvakaipa"* (2 Timoti 2:19). Chokwadi yasvika nguva yokuti *"tizvichenesei kubva pazvinosvibisa muviri nomweya, tichikwanisa utsvene pakutya Mwari"* (2 VaKorinde 7:1b). Ungazvidana nepaunoda, asika pane kudanidzirwa kuupenyu hwapamusoro-soro, kuupenyu hwakazarisa, kuupenyu hwakadzika-dzika, kuupenyu hwokuzvipira, kuupenyu kwokukunda, kuupenyu hwakazadzwa noMweya. O tinoshuwira sei kuvhachirwa patsva naMwari, tinzwe huvepo hwaMwari nesimba, kuzodzwa kutsva noMweya Mutsvene!

Hayisiri nguva here yokuungudza zvisnazve mukare akamboona tichiti, *"Ko hamungatimutsiridzizve here, kuti vanhu venyu vagofara mamuri? Tiratidzeizva ngoni dzenyu, imi Jehovha, mugotipawo ruponeso rwenyu"* (MaPisarema 85:6). Yasvika zvino nguva yokuti tinamate, *"… O Jehovha avandudzei [mabasa enyu] pamazuva edu, panguva yedu ngaaziviswe; pakutsamwa kwenyu rangarirai tsitsi"* (Habhakuki 3:2).

Chinodiwa zvikurusa nhasi pakati pedu, ndiMwari nesimba roMweya Mutsvene, kuzvinyima zvokudya nokunyengetera. *"Ipapo chiedza chako chichabuda samambakwedza uye kuporeswa kwako kucharatidzwa nokukurumidza"* (Isaya 58:8). Dai mambakwedza ezuva iri auyawo munguva yedu ayo atinovimbiswa kuti ipapo, *"chiedza chako chichabuda murima, uye usiku hwako huchashanduka hukafanana namasikati. Jehovha achakutungamirira nguva dzose; achakugutsa pakushaya kwako munyika yakapiswa nezuva uye achasimbisa mapfupa ako. Uchafanana nebindu rinodiridzwa nemvura yetsime, sechitubu chine mvura isingapwi"* (Isaya 58:10-11). [Munamato wangu ndewokuti] Dai Mwari vatumira makomborero ose aya munguva yatiri kurarama nhasi. … (NaFred D. Jarvis).

[Ridzai hwamanda muZioni. Sarudzai zuva rokutsanya kutsvene, danai vanhu kuungano tsvene. Unganidzai vanhu, munatse ungano iyi, unganidzai pamwe chete vakuru, unganidzai vana, vachiri kuyamwa. Vachangowanana, murume ngaabude muimba yake nomwenga muimba yake. Vaprista vanoshumira pamberi paJehovha ngavacheme vari pakati pebiravira retemberi nearitari. Ngavati, "Musaparadza vanhu venyu, imi Jehovha. Musaita kuti nhaka yenyu ive chinhu chinosekwa, chirevo pakati pendudzi]

Izvo zvatakadzidza kubva kuvakazorora...

Vose vakateerera kukutaura kwaJehovha Mwari vakawana mubairo… Nokutenda Abhurahama, akati adanwa kuti aende kunzvimbo iyo yaaizogamuchira kuti ive nhaka yake, **akateerera akaenda**, kunyange zvazvo akanga asingazivi kwaaienda. Nokutenda akandogara somutorwa munyika yechipikirwa, saanogara munyika yavamwe; akagara mumatende, sezvakaita Isaka naJakobho, vakanga vari vadyi venhaka yechipikirwa pamwe chete naye… VaHebheru 11:8-9

Kutenda ndeicho chinofadza Mwari uye kunokunda muna zvose… Nokutenda Jakobho, paakanga ava kufa akaropafadza mwanakomana mumwe nomumwe waJosefa (Ifuraimu naManasseh), uye akanamata akazendamira pamusoro pomudonzvo wake…Nokutenda, Josefa, magumo ake ava pedyo, akataura zvokubuda kwavaIsraeri kubva muIjipiti uye akarayira pamusoro pamapfupa ake… VaHebheru 11:21-22

Kutenda ndeicho chinofadza Mwari uye kunowanisa zvakavimbiswa... "…ndichataureiko zvimwe? Handichina nguva yokutaura pamusoro paGidheoni, Bharaki, Samusoni, Jefuta, Dhavhidhi, Samueri, navaprofita, vakakunda ushe nokutenda, vakatonga nokururamisira, **uye vakawana zvakanga zvavimbiswa**; vakadzivira miromo yeshumba, vakadzima simba romoto, uye vakapunyuka kubva pamunondo unopinza, utera hwavo hwakashandurwa hukava simba uye vakava nesimba guru pakurwa vakakunda hondo dzamamwe marudzi. Vakadzi vakagamuchirazve vakanga vafa vavo vamutswa kuti vave vapenyu zvakare. Vamwe vakatambudzwa vakaramba kusunungurwa, **kuitira kuti vagozopiwa kumuka kuri nani pakunaka**. VaHebheru 11:32-35

Ropa rinotaura… Nokutenda Abheri **akapa Mwari chibayiro chiri nani pane chaKaini**. Nokutenda akapupurirwa kuti akanga ari munhu akarurama, Mwari paakataura zvakanaka pamusoro pezvipo zvake. **Uye nokutenda achiri kutaura nazvino kunyange zvake akafa**… Asi mauya kuGomo reZioni, kuJerusarema rokudenga, guta raMwari mupenyu. Mauya kuzviuru nezviuru zvavatumwa vari paungano yomufaro, kukereke yamatangwe, vane mazita akanyorwa kudenga. Mauya kuna Mwari, mutongi wavanhu vose, kumweya yavanhu vakarurama vakakwaniswa, kuna Jesu murevereri wesungano itsva, **uye kuropa rakasaswa rinotaura zviri nani pane raAbheri…** VaHebheru 11:4; 12:22-24

Mwari vanoremekedza Shoko ravo... [Ndichakotamira pasi ndakatarira kutemberi yenyu tsvene, uye ndicharumbidza zita renyu nokuda kworudo rwenyu nokutendeka kwenyu, **nokuti makakudza zita renyu neshoko renyu pamusoro pezvinhu zvose**. MaPisarema 138:2].

Jehovha Mwari vanozadzikisa Shoko ravo… Sezvinoita mvura nechando zvinoburuka kubva kudenga, Zvisingadzokeriko zvisina kudiridza nyika nokuita kuti ibukire uye ibereke zvakawanda, kuitira kuti iberekere mudyari wembeu, uye ipe chingwa kune anodya, saizvozvo neshoko rangu rinobuda mumuromo mangu: **Haringadzokeri kwandiri risina chinhu, asi richaita zvinondifadza, uye richaita zvandakarituma.** Isaya 55:10-11

Imi pachenyu makaona zvose zvakaitwa naJehovha Mwari wenyu kunyika idzi dzose nokuda kwenyu; ndiJehovha Mwari wenyu akakurwirai…. "Imi munoziva mumwoyo yenyu yose nomumweya yenyu yose, kuti **hapana chinhu chimwe pazvose zvakanaka zvakavimbiswa naJehovha Mwari wenyu chakakona.** Asi sezvo zvakanaka zvose zvakavimbiswa naJehovha Mwari wenyu zvakaitika, saizvozvo Jehovha achauyisa pamusoro penyu zvakaipa zvose zvaakareva kusvikira akuparadzai panyika iyi yakanaka, yaakakupai. Kana mukaputsa sungano yaJehovha Mwari wenyu, yaakakurayirai, mukandoshumira vamwe vamwari uye mukavapfugamira kutsamwa kwaJehovha kuchakumukirai, mukakurumidza kuparara panyika yakanaka yaakakupai." Joshua 23:3,14-16

Shoko raJehovha rakauya kwandiri richiti, "Jeremia, uri kuonei?" Ndakapindura ndikati, "Ndiri kuona davi romuti womuarimondi." Jehovha akati kwandiri, "Waona zvakanaka, **nokuti ndiri kutarira kuti ndione kuzadziswa kweshoko rangu**." Jeremia 1:11-12

Jehovha Mwari wedu akatendeka… Ngatibatisisei tariro yatinopupura, tisingazungunuswi, **nokuti iye akapikira akatendeka**… vaHebheru 10:23. Mwari pachake, iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Mweya wenyu wose, nomwoyo uye nomuviri zvichengetwe zvisina mhosva pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu. Iye anokudanai akatendeka uye achazviita… 1 VaTesaronika 5:20-24

Asizvirokwazvo naMwari akatendeka, shoko redu kwamuri harizi "Hongu" kana "Kwete." Nokuti Mwanakomana waMwari, Jesu Kristu, uyo akaparidzwa pakati penyu neni naSirasi uye naTimoti, akanga asiri, "Hongu" kana "Kwete", asi maari zvakagara zviri "Hongu." **Nokuti hazvinei kuti Mwari akativimbisa zvinhu zvizhinji zvakadii, zvose i "Hongu"**

muna Kristu. Uye kubudikidza naiye tinoti "Ameni" kuti Mwari akudzwe. 2 VaKorinde 1:18-20

Shoko RaMwari rinotiwanisa nhaka pakati pevatsvene… Zvino ndinokuisai kuna Mwari nokushoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai **nhaka pakati paavo vakaitwa vatsvene**. Nokuti handina kuzeza kukuparidzirai kuda kwose kwaMwari. Zvichenjererei imi pachenyu neboka rose ramakaitwa vatariri varo naMweya Mutsvene. Fudzai kereke yaMwari, yaakatenga neropa rake pachake. Ndinoziva kuti kana ndabva, mapere achapinda pakati penyu asingaregi boka. Kunyange pakati penyu iyemi vanhu vachamuka vachiminamisa chokwadi vachiitira kuti vatape vadzidzi kuti vavatevere. Mabasa 20:32, 27-30.

Mweya Mutsvene Adururwa…

Nhai veduwee! Dondipaiwo nzeve dzenyu munzwe!
"Muokupedzisira mazuva", Jehovah ndozvavanotaura,
"Pamusoro penyama yose, wangu Mweya ndichadurura,
Vachaporofita vanakomana uyewo navanasikana venyu,
Majaya achaona zviratidzo, uku vachirotawo vatana venyu".

Mazuva okupedzisira heano ndiwaya gogogo asvika,
Pamusoro pavarume navakadzi Mweya uya wodururwa,
Hakuchina mukadzi kana murume, pachigaro tose tosvika,
Pamusoro pavaranda vake heunoka Mweya wodururwa,
Tose tave vadyi venhaka maererano nechaKristu chipikirwa.

Zvanziwo "Ndicharatidza zvishamiso kumusoro kudenga,
Nezviratidzo panyika pasi, mhute noutsi, uye moto neropa,
Richashanduka rigova rima zuva, mwedzi uchiva ropa",
Chiratidzo choMweya uyu munongedzo wokuuya kwaShe,
Tagadzirira 'ere kunotambirana mumakore nowedu Ishe?

Zuva raShe roswedera, iro zuva guru rokubwinya kwake,
Tsvagai Jehovha achawanikwa, tsvagai nhasi nzira dzake,
Akashata ngaasiye nzira dzake, akaipa mirangariro yake,
Ngaadzokere kuna Jehovah iye wengoni nekanganwiro,
Nokuti, "ani naani anodana kurake zita achaponeswa".

Okupedzisira pfacha heano mazuva ndiwaya asvika,
Kudururwa kwoMweya munongedzo wezuva rasvika,
Pamusoro pavarume navakadzi heuno Mweya wodururwa
Mukadzi, murume, hakuchina pachigaro chake tapfugama,
Heunoka Mweya pavaranda vake pfacha-a wodururwa,
Ko tagadzirira here wedu Ishe mumakore kunomutambira?

Oh! Mweya WaMwari Mupenyu, Tinokudai!

(Jehovha anoti, "Kunyange zvino, tendeukirai kwandiri nemwoyo yenyu yose muchitsanya, muchichema uye muchiungudza." Bvarurai mwoyo yenyu, kwete nguo dzenyu. Dzokerai kuna Jehovha Mwari wenyu, iye ane nyasha uye ane tsitsi, anononoka kutsamwa uye ane rudo rukuru; anozvidzora pakutumira vanhu njodzi. Ndiani anoziva? Anogona kupinduka agonzwa tsitsi, uye agokusiyirai mukomborero wezvipiriso zvezviyo nezvipiriso zvokunwa zvinoitirwa Jehovha Mwari wenyu….) Joere 2:12-14

Mweya Mutsvene anokwanisa kuita kuti Shoko [raMwari] rive nesimba uye ribudirire iko zvino sapamazuva avapositora. Anokwanisazve kuunza mweya yakawanda mumazana akazanirana, kana vane zviuru zvinoururana, kana kuti kunomumwe-mumwe uye kuvaviri-vaviri. Chikonzero nei pasisina budiriro nhasi [mubasa rouvhangeri] mhaka ndeyokuti hatisisina Mweya Mutsvene musimba rake guru sapanguva dziya dzokutanga.

Dai tanga tino Mweya Mutsvene anonamirirwa mushumiro dzedu nesimba rokumusoro, hazvaizomboda kushambadzirwa kwezvipo zvenyama. Vanhu vangakwanisa havo kuva varombo panyama uye kusava vakadzidza, vagokakama mukutaura, manzwi avo agogozha nokushaya humandiriri; asika kana akazorwa noMweya Mutsvene, muvhangeri anokuzvininipisa, anobudirira kwazvo [muushumiri] kupfuura vaye vakadzidza, kana uya aneunyanzvi hwokudetembera.

Simba raMwari rakapfuuridza ndiye mupedza zvose [muushumiri] nhasi. Chatinoda [nhasi] kuzodzwa noMweya Mutsvene, kwete uchenjeri hwapamusoro-soro. Mashoko okugombedzera nouchenjeri, zvingazadzawo hazvo temberi, asi chinozadza Kereke nemweya yavanhu inotsva isimba romweya [wokumusoro-soro]. Simba rouchenjeri ringaunganidza haro Chita chavanhu, asika icho chinoponesa [mweya] yavanhu isimba rokumusoro romweya. Chatinoda nhasi isimba roMweya Mutsvene. O Mweya Mutsvene waMwari Mupenyu, tinokudai! Pasina simba raMweya Mutsvene hapana chatingaita, asi kana aripo tinokwanisa kuita zvose.

– NaCharles H. Spurgeon

"Ndiani pakati penyu vanababa, angati, kana mwanakomana wake amukumbira hove, omupa nyoka pachinzvimbo chehove? Kana kuti akakumbira zai, omupa chinyavada. Zvino kana imi, kunyange makaipa zvenyu, muchiziva kupa zvipo zvakanaka kuvana venyu, Baba venyu vari kudenga vachapawo zvikuru sei Mweya Mutsvene kuna [avo] vanomukumbira!" (Mateo 7:11).

Bembera Kuna Lois Stucky

Mugore ra2014 mumwedzi waNyamavhuvhu,
Tsvarakadenga Lois akapinda murake zororo,
Vapupuri pupuraiwo nhasi muchiti, "uyu aive mhare",
Chokwadi uyu mwanasikana aive chidza padare,
Ndivo vatsveneka vakakodzera kupinda muzororo,
Avo vakarwa kurwa kwakanaka zvine umhare,
Haana kutsvairirwa nemhepo yaNyamavhuvhu,
Kungoti yakange yakwana nguva kupinda muzoro,

Oh! Maoko edu kwauri iwe hanzvadzi pamweya,
Maoko edu kwauri iwe tsvarakadenga pamweya,
Mhandara yemutupo asina wokwedu anoziva,
Chigagairwa chakashandira denga nemwoyo wose,
Iwe musarudzwa, muzodziwa waShe pamweya
Ndiwe wakashandira Jehovha kusvika kumagumo,
Ngirozi ngadzipemberere nhasi kusvika nariini.
Oh! Lois pinda hako mumubairo nokupemberera.

Oh! Maoko angu kwauri iwe mwana waBaba,
Musikana akararamira Jesu munazvo zvose,
Wakatendeka, uye wakafanira kurumbidzwa,
Maoko angu kwauri iwe mhandara yedenga,
Ndinokutenda nokukukudza iwe tete pamweya
Ndimi tete makafanira kukudzwa nokutendwa,
Hwenyu upenyu chakave chidzidzo kwatiri,
Nemisodzi pamatama ndichati Zorora murugare.

Hwihwihwi nhasi kumatenga tochema takatarira,
Bububu kumatenga nhasi totendazve takatarira,
Kwamuri imi Jehovha nhasi tinochema nokutenda,
Makapa nokutora asi zita renyu ngarirumbidzwe,
Nyika nezvose zviri mairi ndezvenyu, tinotenda,
Kudzwai kudzwai Baba zita renyu ngarirumbidzwe,
Nemisodzi pamatama ndakaringire kumadenga,
Nhasi uno kuna Lois ndichati zorora hako murugare.

Zvose izvo zvakati komberedza zvirikuitika zvinonongedzera kukudzokazve kwaShe wedu Jesu achibva kumakore. Nguva ino yave kunanga kumawere kunopera. Zuva refu reino nyika rave kunoguma. Tave kuswedera pakati-kati pousiku! Rangarira kuti paiva pakati pousiku pavakanzwa mheremhere neruzha, *"Ewoo ewoo chikomba chauya! Budai mose mumuchingamidze!"* iyo yakamutsa mhandara gumi dzaiva dzirere (Mateo 25:6).

naMai Sarah Foulkes Moore (1890 – 1973).

Mharidzo Yokuuya Kwake inonyengeterera nokukurudzira hupenyu hutsvene mukurarama kwevana vaMwari, kuvimbika munazvose, kuzvininipisa panaMwari uye kushingairira muushumiri hweiivhangeri yomuchinjkwa.